



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics, Book 2
Sample Test 2005

Matematik
Liv 2

Ane **4**

Egzanp Egzamen 2005

Non _____

KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk blòk modèl ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk kontè ou yo.

Kontinye

LIV BIBLIYOTÈK

Lekòl	Kantite Liv
Lakeview	2.265
King	1.304
Penntown	1.746
Rogers	4.355

Ki kantite total liv ki nan toulèkat bibliyotèk lekòl yo?

Montre travay ou.

Repons _____ liv

Kontinye

32


Bilding Ronald la genyen 17 apatman nan chak etaj. Genyen 6 etaj nan bilding lan. Ki kantite total apatman ki genyen nan bilding Ronald la?

Montre travay ou.

Repons _____ apatman

33

Jason vle trase yon pentagòn sou dyagram ki anba a. Li deja trase 2 segman dwat.



Pati A

Trase rès pentagòn Jason an sou dyagram nan.

Pati B

Konbyen kote yon pentagòn genyen?

Repons _____ kote

Kontinye

34

Msye Harrington achte kèk bwat zoranj nan makèt la. Li achte yon total 72 zoranj. Te genyen 6 zoranj nan chak bwat. Konbyen bwat zoranj Msye Harrington te achte?

Montre travay ou.

Repons _____ bwat

35

Jane ak Kwan, yo chak genyen CD mizik. Kwan genyen 12 CD plis pase Jane.

Pati A

Ekri yon fraz nimerik pou montre Kwan genyen 12 CD plis pase Jane. Konsidere J se kantite CD Jane genyen. Konsidere K se kantite CD Kwan genyen.

Fraz Nimerik _____

Pati B

Si Jane genyen 7 CD, konbyen CD Kwan genyen?

Montre travay ou.

Repons _____ CD

Kontinye

36

Machin nimerik ki anba swiv yon règ pou tout nonb ki antre andedan li.



Konplete tablo machin nimerik anba a. Pou fè sa, ekri de nonb ki manke yo.

**TABLO
MACHIN NIMERIK**

ANTRE	SÒTI
3	9
5	15
6	18
8	
	27

Sou liy ki anba yo, ekri règ ki itilize pou chanje **nonb ANTRE** an **nonb SÒTI** nan machin nimerik sa a.

Kontinye

37

Samdi pase, John te ale nan sinema. Li te genyen \$10,00. Li peye \$5,00 pou tikè fim li an ak \$3,25 pou pòpkòn. Konbyen lajan John te rete?


Montre travay ou.

Repons \$ _____

38

Yo montre yon dyagram patyo Msye Taylor anba a.

PATYO MSYE TAYLOR



LEJANN



= 1 mèt kare

Pati A

Ki sipèfisi patyo a an mèt kare?

Repons _____ mèt kare

Pati B

Ki perimèt patyo a an mèt?

Montre travay ou.

Repons _____ mèt

Kontinye

39

Tablo ki anba a montre kalite ak kantite bèt domestik kamarad klas Kyle yo posede.


BÈT DOMESTIK

Kalite Bèt Domestik	Kantite Bèt Domestik
Chyen	6
Chat	4
Pwason	5

Sou kadriyaj ki anba a, trase yon graf ba pou montre kalite ak kantite bèt domestik kamarad klas Kyle yo posede.

Asire ou:

- mete tit nan graf la
- mete lejann sou toulède aks yo
- trase graf tout done yo
- bay yon echèl pou graf la





Ane 4
Matematik
Liv 2
Egzanp Egzamen 2005

The McGraw-Hill Companies